

**PANGARUH MODEL PROJECT BASED LEARNING DIBANTU KU
WEBSITE RUMAH BELAJAR PIKEUN NGARONJATKEUN HASIL
DIAJAR MATEMATIKA MURID**

**ADRIYANI NURUL LATIFAH
215060021**

RINGKÉSAN

Panalungtikan ieu dilakukeun dumasar kana kaayaan hasil diajar matematika murid anu masih kénéh handap. Seueur murid nu henteu resep kana palajaran matematika sabab dianggap hésé sarta eusina katingalina abstrak. Tujuan tina panalungtikan ieu nyaéta pikeun ngagambarkeun prosés diajar ogé ningali pangaruh jeung kanaékan hasil diajar ngaliwatan modél Project Based Learning anu dibantuan ku website rumah belajar, ku cara ngabandingkeun dua kelas nyaéta kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Objék panalungtikan nyaéta murid kelas IV di SD Negeri Pamoyanan, tepatna kelas IV A jeung IV B anu dipilih maké téhnik sampel jenuh dumasar kana sawala jeung guru-guru di sakola éta. Métondeu nu dipaké nyaéta quasi eksperimen kalayan rarancang nonequivalent control group design. Data dikumpulkeun maké prétest, posttest jeung lembar observasi. Dumasar kana hasil panalungtikan, kacida écésna béda prosés diajar antara dua kelompok téh. Kelas ékspérimén nu maké modél Project Based Learning dibantuan ku website Rumah Belajar nyatakeun hasil anu leuwih hade dibandingkeun jeung kelas kontrol nu diajar ku cara konvénsional (teu dibantuan ku media tambahan). Dina uji gain ternormalisasi, kelas ékspérimén mibanda kanaékan 77% (kategori luhur), sedengkeun kelas kontrol 40% (kategori handap). Sedengkeun tina hasil uji regresi linear sederhana, angka signifikansi $0.045 < 0.05$, hartina H_0 ditolak jeung H_1 ditarima. Ku kituna, tiasa disimpulkeun yén prosés diajar ngagunakeun Project Based Learning anu dibantuan ku website Rumah Belajar téh henteu ngan ukur ngaronjatkeun hasil diajar murid, tapi ogé boga pangaruh nu écés lamun dibandingkeun jeung modél diajar konvénsional.

Kecap Pamageuh: Hasil Diajar Murid, Modél Project Based Learning, Website Rumah Belajar.